



Pou Piblikasyon Imedya: 08/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOUVO REKÒ NAN TO POZITIVITE COVID-19 NAN TOUT ETA A

Pozitivite mwayen sou 7 jou nan tout eta a se 0.51% -- Nivo a te bese pandan 64 jou konsekitif -- Nivo ki pi ba nan peyi a dapre Johns Hopkins University

Yo te administre plis pase 75,883 dòz vaksen pandan 24 èdtan ki pase yo - To vaksinasyon nan tout eta a se 68.9%

796 pasyan entène nan tout Eta a

14 ka lanmò COVID-19 nan tout eta a yè

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konba kont COVID-19 la.

"To pozitivite COVID la kontinye ap bese chak jou epi se yon rezilta dirèk travay di ak angajman Nouyòkè yo te afiche pandan tout pandemi sa," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou pa t janm te pi pre limyè ki nan fen tinèl la konsa, men pou nou retounen nan nòmal nèt, nou dwe kontinye fè tout sa nou kapab pou Nouyòkè yo vaksinen. Plis pase 9 milyon Nouyòkè te deja fè pati pa yo epi pran vaksen yo -- kounye a se moman pou rès eta a swiv tras la. Li pa t janm pi fasil pou gen aksè nan vaksen an epi ak anpil motivasyon ki anplas kounye a, vrèman pa gen eskiz ki rete. Kidon, si ou toujou pa t ko vaksinen, tanpri, fè sa ki bon an pou pwoteje kominote w la epi vaksinen jodi a."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Rezilta tè s yo rapòte** - 71,953
- **Total pozitif** - 442
- **Pousantaj pozitif** - 0.61%
- **Pousantaj pozitif an mwayèn sou 7 Jou** - 0.51%
- **Pasyan ki entène** - 796 (-3)
- **Pasyan ki fèk entène nan lopital** - 72
- **Pasyan ki nan ICU** - 206 (0)
- **Pasyan nan ICU ki nan entibasyon** - 120 (0)
- **Total moun yo bay egzemat** - 183,157(+66)
- **Moun ki mouri** - 14
- **Total Moun ki Mouri** - 42,813

- **Total dòz vaksen yo administre - 19,614,673**
- **Dòz total yo administre pandan 24 èdtan ki pase yo - 75,883**
- **Dòz total yo administre pandan 7 jou ki pase yo - 533,489**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 66.4%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen 18 ane ak plis ki konplete seri vaksen yo - 58.7%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 68.9%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen 18 ane ak plis ki konplete seri vaksen yo - (CDC) - 59.8%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 54.8%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki konplete seri vaksen yo - 47.5%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 56.9%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - (CDC) - 48.4%**

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Rejyon	Samdi 5 jwen 2021	Dimanch 6 jwen 2021	Lendi 7 jwen 2021
Capital Region	0.61%	0.61%	0.57%
Central New York	0.83%	0.85%	0.81%
Finger Lakes	1.00%	0.98%	0.91%
Long Island	0.43%	0.46%	0.45%
Mid-Hudson	0.46%	0.46%	0.45%
Mohawk Valley	0.79%	0.74%	0.69%
New York City	0.43%	0.43%	0.43%
North Country	0.61%	0.50%	0.56%
Southern Tier	0.64%	0.67%	0.69%
Western New York	0.64%	0.66%	0.61%
Nan tout Eta a	0.52%	0.51%	0.51%

Pousantaj rezilta tèz pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Minisipalite nan Vil NY	Samdi 5 jwen 2021	Dimanche 6 jwen 2021	Lendi 7 jwen 2021
Bronx	0.54%	0.57%	0.57%
Kings	0.42%	0.41%	0.40%
New York	0.31%	0.31%	0.32%
Queens	0.45%	0.42%	0.43%
Richmond	0.54%	0.54%	0.52%

Yè, te gen 442 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 2,089,571. Yon repatisyon jewografik se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	24,678	3
Allegany	3,551	2
Broome	18,600	1
Cattaraugus	5,716	0
Cayuga	6,331	2
Chautauqua	8,938	2
Chemung	7,749	4
Chenango	3,489	1
Clinton	4,835	1
Columbia	4,059	0
Cortland	3,913	2
Delaware	2,374	0
Dutchess	29,452	4
Erie	89,488	16
Essex	1,592	1
Franklin	2,558	1
Fulton	4,415	0
Genesee	5,432	0
Greene	3,402	0
Hamilton	313	0
Herkimer	5,182	2
Jefferson	6,108	7
Lewis	2,801	1
Livingston	4,513	1
Madison	4,554	1
Monroe	68,795	27

Montgomery	4,254	0
Nassau	183,449	27
Niagara	20,015	4
NYC	935,835	221
Oneida	22,569	8
Onondaga	38,849	10
Ontario	7,400	3
Orange	48,246	9
Orleans	3,117	0
Oswego	7,603	2
Otsego	3,458	1
Putnam	10,600	1
Rensselaer	11,217	2
Rockland	46,909	4
Saratoga	15,347	5
Schenectady	13,182	2
Schoharie	1,692	0
Schuyler	1,066	0
Seneca	2,008	0
St. Lawrence	6,619	0
Steuben	6,938	4
Suffolk	200,798	32
Sullivan	6,661	0
Tioga	3,817	2
Tompkins	4,341	0
Ulster	13,891	2
Warren	3,656	0
Washington	3,150	3
Wayne	5,765	1
Westchester	129,526	19
Wyoming	3,577	1
Yates	1,178	0

Yè, te gen 14 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 42,813. Zòn jewografik yo repati konsa, dapre konte rezidans:

Moun ki mouri yo dapre Konte rezidans
--

Konte	Nouvo moun ki mouri yo
Bronx	1
Broome	1
Chautauqua	1
Delaware	1
Kings	3
Monroe	2
Oneida	1
Queens	1
Rockland	1
Schenectady	1
Suffolk	1

Tout sit vaksinasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yè, 28,545 Nouyòkè te resevwa premye dòz vaksen yo, epi 51,858 te konplete seri vaksen yo. Men yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki te vaksinen pa rejyon yo:

Rejyon	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo	Kimilatif Total	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo
Capital Region	643,025	1,143	567,613	3,357
Central New York	512,038	935	453,754	2,193
Finger Lakes	651,791	1,222	579,518	2,758
Long Island	1,427,760	4,229	1,224,172	8,573
Mid-Hudson	1,163,220	2,637	995,970	6,047
Mohawk Valley	251,552	487	224,862	1,018

New York City	5,023,682	15,556	4,322,566	23,279
North Country	231,080	392	207,513	702
Southern Tier	333,709	543	297,658	1,550
Western New York	704,652	1,401	607,522	2,381
Nan tout Eta a	10,942,509	28,545	9,481,148	51,858

[Tablodò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodò a pou refilete mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la te rapòte done ki soti nan NYSIIS ak CIR lejèman diferan de done yo rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz ki administre sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan kominike ki anwo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)